QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ QARAÓZEK RAYONÍ HÁKIMI BIYLIGI

QORAQALPOG‘ISTON RESPUBLIKASI QORAO‘ZAK TUMANI HOKIMI FARMOYISHI

Qaraózek rayonı 230400, Qaraqalpaqstan kóshesi, 49-jay, tel: (61) 465-55-17; (61) 465-46-66;

2021 - yil 17 - noyabr 28-13-183-F/21 Qoraózek rayoni hákimligi

**Qaraózek rayonı aymaǵında 2021-jıldıń 15-noyabr 15-dekabr kúnleri aralıǵında "Órt qáwipsizligi aylıǵı"n ótkeriwdi shólkemlestiriw haqqında**

1. Ózbekstan Respublikasında Ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw hám olardı saplastırıw boyınsha Húkimet komissiyasınıń 2021-jıl 2-noyabr kúngi 23-sanlı májilis bayanlamasınıń 3-bánti hám Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 13-noyabrdegi 117-13-0-F/21-sanlı biyligi tapsırmaları orınlaw ushın basshılıqqa alınsın.

2. Rayon aymaǵındaǵı elatlı punktler hám ekonomika tarmaqları obyektlerinde órt qáwipsizligin támiyinlew is-ilajların kúsheyttiriw maqsetinde **2021-jıldıń 15-noyabr – 15-dekabr kúnleri aralıǵında "Órt qáwipsizligi aylıǵı"** ótkerilsin.

3. "Órt qáwipsizligi aylıǵı"n ótkeriw dawamında tómendegi ilajlar ámelge asırılsın:

Mákemeler, kárxanalar, shólkemler hám kárxanalar, sonday-aq, úy-jay fondın órt qáwipsizligi talaplarına muwapıq halǵa keltiriw;

obyektlerde órt qáwipsizligin bekkemlew boyınsha kompleks is-ilajlar ámelge asırıw.

4. "Órt qáwipsizligi aylıǵı"n ótkeriw boyınsha rayonlıq komissiyası quramı 1-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

5. Tómendegiler rayonlıq komissiyasınıń tiykarǵı wazıypaları etip belgilensin:

"Órt qáwipsizligi aylıǵı"n shólkemlestiriw hám ótkeriw dáwirinde hár on kúnde ámelge asırılıp atırılǵan jumıslardı talqılaw hám onda tiyisli basshılardıń esabatın esitiw;

jámiyetshilikti “Órt qáwipsizligi aylıǵı” dáwirinde ótkeriletuǵın ilajlarda qatnasıwǵa keń túrde qamtıw;

puqaralar jıyınları menen birgelikte “Jol kartası”nda názerde tutılǵan is-ilajlardı óz waqtında hám sıpatlı orınlanıwın muwapıqlastırıp barıw;

puqaralardıń turaq jayları, sociallıq taraw obyektleri hám isbilermenlik subektlerinde órt qáwipsizligin támiyinlew, ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıwǵa tiyisli usınıslardı islep shıǵıw hám rayon hákimligine kiritiw.

6. Qaraózek rayonı aymaǵında “Órt qáwipsizligi aylıǵı”n ótkeriw boyınsha is-ilajlar rejesi 2-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

7. “Órt qáwipsizligi aylıǵı” dawamında ámelge asırılǵan jumıslar haqqındaǵı maǵlıwmatlardı ulıwmalastırıw, talqılaw hám tiyisliligi boyınsha Respublikası komissiyasına hám Qaraqalpaqstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylar basqarmasına kiritip barıw ushın Ayrıqsha jaǵdaylar bóliminde tiyisli Mákeme hám kárxanalar wákillerinen ibarat isshi topar quramı 3-qosımshaǵa muwapıq tastıyıqlansın.

8. Qaraózek rayonı Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi (A.Djumanov), Úy-jay kommunal xızmet kórsetiw bólimi (A.Xojanov), “Qaraózekrayongaz” bólimi (J.Kamalov), Elektr támiyinlewshi kárxanası (S.Tileumuratov), awıl hám mákan puqaralar jıyınları menen birgelikte:

“Órt qáwipsizligi aylıǵı” dawamında ámelge asırılıwı lazım bolǵan ilajlardı shólkemlestiriw boyınsha tiyisli hújjetlerdi (buyrıq, májilis bayanlaması h.t.b) qabıl etsin hám tastıyıqlanǵan is-ilajlar rejelerindegi ilajlardıń óz waqtında hám sıpatlı orınlanıwın qadaǵalawǵa alsın;

puqaralardıń turaq jayları, sonnan, kóp kvartiralı úy-jaylardaǵı elektr, gaz hám jıllılıq támiynatı úskeneleri, jılıtıw qazanları, morılar hám ventilyaciya tarmaqlarınıń jaǵdayın texnik kórikten ótkersin hám kórikler dawamında kemshiliklerdi saplastırıw boyınsha ilajlar kórsin;

jılıtıw máwsiminde puqaralardıń is gazinen záhárleniwi, sonday-aq, gaz-hawa aralaspasınıń ushqın shıǵıwı nátiyjesinde kelip shıǵatuǵın jarılıwlardıń aldın alıw maqsetinde, isshi topar quramı aǵzaları tárepinen úyme-úy júrip xalıq arasında úgit-násiyat jumısları alıp barsın;

energetika támiynatı, yaǵnıy, gaz bólistiriw punktleri, transformator punktleri, elektr tarqatıw qutıları jaǵdayın úyrenip shıǵıp, olarǵa zárúr xızmet kórsetiw, turaqlı islewin támiyinlew hám nátiyjeli paydalanıwǵa qaratılǵan ámeliy ilajlardı

alıp barsın;

ilajlar dawamında xalıqtıń barlıq qatlamların qamtıǵan halda ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw boyınsha úgit-násiyat jumısları hám de ámeliy oqıw shınıǵıwları ótkeriliwin támiyinlesin;

islep shıǵarıw hám xızmet kórsetiw tarawındaǵı kárxana, mákeme hám shólkemler tárepinen texnologiyalıq processlerde júz beriwi múmkin bolǵan avariyalar hám júzege keliwi múmkin bolǵan basqada ayrıqsha jaǵdaylardıń aldın alıw, bunday jaǵdaylarda obyektlerdiń turaqlı xızmet kórsetiliwin támiyinlewge qaratılǵan profilaktikalıq ilajlardı ámelge asırsın.

9. Rayon hákiminiń orınbasarı (Ǵ.Ametov)na:

puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımları, mámleketlik órt qaǵalaw uyımları hám basqada tiyisli mákemeler wákilleri menen birgelikte órt qáwipsizligin támiyinlew máseleleri uzaq waqıttan berli sheshilmey kiyatırǵan obyektler hám elatlı punktlerde reydler ótkeriw;

jańadan qurılıp atırǵan imaratlarda qurılıs-montaj jumısları ámeldegi qalasazlıq normaları hám qaǵıydaları talapları, sonnan, órt qáwipsizligi talapları tiykarında ámelge asırılıp atırılǵanlıǵın úyreniw;

órtlerge hám basqada baxıtsız hádiyselerge alıp keliwi múmkin bolǵan nızam buzılıw jaǵdayları boyınsha qatań sharalar kóriw tapsırılsın.

10. Rayon hákiminiń birinshi orınbasarı (Q.Azerbaev)na hám Qarjı bólimi (D.Pirniyazova)ne órt qáwipsizligin támiyinlewge qaratılǵan bannerler, plakatlar, bukletler hám basqada túrdegi esletpelerdi islep shıǵarıw ushın qarjı ajıratıw tapsırılsın.

11. Rayon hákiminiń orınbasarı – Máhálle hám shańaraqtı qollap-quwatlaw bólimi baslıǵı (G.Qudaybergenov)na:

puqaralar jıyınları menen birgelikte máhálle belsendilerin keń túrde qamtıǵan halda xalıq arasında órt qáwipsizligin támiyinlew barısındaǵı túsindiriw jumısların kúsheyttiriw;

adamlar kóp toplanatuǵın orınlarǵa (bazar, sawda kompleksleri), jol boyına qurılǵan reklama bannerlerine órt qáwipsizligin támiyinlewge qaratılǵan bannerler ornatıw, puqaralarǵa buklet hám esletpelerdi tarqatıw tapsırılsın.

12. Mákemeler, kárxanalar hám shólkemler basshılarına:

óz májilislerinde ózlerine qaraslı obyektlerde hám úy-jay fondınıń texnikalıq jaǵdayı, órt qáwipsizligi máselelerin kórip shıǵıw;

obyektler hám úy-jay fondın órtke qarsı qáwipsiz halatqa keltiriw ushın ajıratılǵan qarjılardan qatań ráwishte maqsetli paydalanıw;

gaz, energetika, suw xojalıǵı hám jılıtıw qurılmalarınıń jaǵdayı hám sazlıǵına itábar qaratıw;

órt qáwipsizligi qaǵıydaları buzılıwınıń hár bir jaǵdayı boyınsha puxta tekseriwler ótkeriw, órttiń júz beriwine jol qoyǵan ayıpker shaxslarǵa qarata ámeldegi Nızam hújjetlerine muwapıq tásir sharaların kóriw;

kárxana, Mákeme hám shólkemlerde órt qáwipsizligi múyeshlerin islep shıǵıw, óz obyektlerin birlemshi órt óshiriw quralları menen támiyinlew;

óz obyektindegi órtke qarsı suw támiynatı dereklerin (gidrantlar, rezervuar, suw háwizleri, ishki órt óshiriw kranları) saz halatqa keltiriw ilájların kóriw;

jumısshılar, xızmetshiler, bilimlendiriw Mákemeleri hám xalıq arasında túsindiriw jumısların kúsheyttiriw, jámiyetshilikti órtlerdiń aldın alıw ilájlarına keń túrde qamtıw;

usı biyliktiń orınlanıwın támiyinlew boyınsha ámelge asırılǵan jumıslar haqqında maǵlıwmatlardı 2021-jıldıń 15-dekabr kúnine shekem rayon hákimligine kiritiw tapsırılsın.

13. Qaraqalpaqstan Respublikası teleradiokompaniyası rayonlıq xabarshısı – rayon hákimliginiń málimleme xızmeti baslıǵı (B.Ótepshiev), “Miynet bayraǵı” gazetası redakciyası (N.Óserbaev):

“Órt qáwipsizligi aylıǵı”n ótkeriwdiń maqset hám mazmunı haqqında puqaralarǵa, sociallıq taraw obyektleri hám isbilermenlik subektlerine ǵalaba xabar quralları arqalı keń túrde xabardar etiwdi támiyinlew;

“Órt qáwipsizligi aylıǵı” dawamında ámelge asırılıp atırılǵan jumıslardı ǵalaba xabar quralларında keń túrde járiyalaw usınıs etilsin.

14. Usı biyliktiń orınlanıwın támiyinlew rayon hákiminiń orınbasarı Ǵ.Ametovqa tapsırılsın.

**Hákim** **U.Utambetov**

Қараөзек район туман ҳокимининг
2021 йил 17 ноябрдаги
28-13-183-F/21-сон фармойишига
1-илова

## “Órt qáwipsizligi aylıǵı”n ótkeriw boyınsha rayonlıq komissiyası QURAMÍ

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | Ǵ.Ametov | - | Rayon hákiminiń orınbasarı, **komissiya baslıǵı** |
| 2 | G.Qudaybergenov | - | Rayon hákiminiń orınbasarı – Máhálle hám shańaraqtı qollap-quwatlaw bólimi baslıǵı |
| 3 | A.Djumanov | - | Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi baslıǵı, **komissiya baslıǵınıń orınbasarı** |
| 4 | D.Pirniyazova | - | Qarjı bólimi baslıǵı |
| 5 | A.Xojanov | - | Úy-jay kommunal xızmet kórsetiw bólimi qánigesi |
| 6 | S.Tileumuratov | - | Elektr támiyinlewshi kárxanası baslıǵı |
| 7 | J.Kamalov | - | “Qaraózekrayongaz” bólimi baslıǵı |
| 8 | B.Tileuimbetov | - | Suw tarmaqları filialı baslıǵı |
| 9 | S.Nurabullaev | - | Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi baslıǵınıń orınbasarı, **komissiya xatkeri** |

**Esletpe:** Komissiya aǵzaları basqa jumısqa ótken jaǵdayda, komissiya quramına usı lawazımǵa jańadan tayınlanǵan yaki wazıypasın atqarıwshı júklengen shaxslar kiritiledi.

Komissiya quramına zárúrlikten kelip shıǵıp, komissiya baslıǵı tárepinen mákemeler, kárxanalar hám shólkemlerdiń qánigeleri kiritiliwi múmkin.

Қараөзек район туман ҳокимининг
2021 йил 17 ноябрдаги
28-13-183-F/21-сон фармойишига
2-илова

## Qaraózek rayonı aymaǵında "Órt qáwipsizligi aylıǵı"n ótkeriw boyınsha

## IS-ILAJLAR REJESI

| Q/s | Is-ilajlar ataması | Orınlaw múddetleri | Juwapkerler |
|---|---|---|---|
| 1 | "Órt qáwipsizligi aylıǵı"n shólkemlestiriw hám ótkeriw dáwirinde hár on kúnde ámelge asırılǵan jumıslardı talqılaw hám onda juwapker basshılardıń esabatın tıńlaw. | **Hár on kúnde** | Rayon hákiminiń orınbasarı (Ǵ.Ametov) |
| 2 | Jámiyetshilikti "Órt qáwipsizligi aylıǵı" sheńberinde ótkeriletuǵın ilajlarda qatnasıwın keń túrde qamtıp alıw. | **Aylıq dawamında** | Rayon hákiminiń orınbasarı (G.Qudaybergenov) |
| **Órt qáwipsizligin támiyinlew boyınsha tiykarǵı ilajlar** | | | |
| 3 | Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımları, mámleketlik órt qaǵalaw uyımları hám basqada tiyisli mákemeler wákilleri menen birgelikte órt qáwipsizligin támiyinlew máseleleri uzaq waqıttan berli sheshilmey kiyatırǵan obyektler hám elatlı punktlerde reydler ótkeriw. | **Aylıq dawamında** | Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, tiyisli Mákeme hám kárxanalar, APJ hám MPJ |
| 4 | Mákemeler hám kárxanalarda óz májilislerinde ózlerine qaraslı obyektlerde hám úy-jay fondınıń texnikalıq jaǵdayı, órt qáwipsizligi máselelerin kórip shıǵıw, gaz, energetika, suw xojalıǵı hám jılıtıw qurılmalarınıń jaǵdayı hám sazlıǵına itabar qaratıw. | **Aylıq dawamında** | Mákemeler, kárxanalar hám shólkemler |
| 5 | Obyektler hám úy-jay fondın órtke qarsı qáwipsiz halatqa keltiriw ushın ajıratılǵan qarjılardan qatań ráwishte maqsetli paydalanıw.<br>Óz obyektindegi órtke qarsı suw támiynatı dereklerin (gidrantlar, rezervuar, suw háwizleri, ishki órt óshiriw kranları) saz halatqa keltiriw ilajların kóriw. | **Aylıq dawamında** | Mákemeler, kárxanalar hám shólkemler |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **6** | Órt qáwipsizligi qaǵıydaları buzılıwınıń hár bir halatı boyınsha puxta tekseriwler ótkeriw, órt júz beriwine jol qoyǵan juwapkerlerge ámeldegi nızam hújjetlerine muwapıq tásirsheń sharalar kóriw. | **Aylıq dawamında** | Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, Mákemeler, kárxanalar hám shólkemler |
| **7** | Jańadan qurılıp atırǵan imáratlarda qurılıs-montaj jumısları ámeldegi qalasazlıq normaları hám qaǵıydaları talapları, sonnan, órt qáwipsizligi talapları tiykarında ámelge asırılıp atırılǵanlıǵın úyreniw. | **Aylıq dawamında** | Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, Qurılıs bólimi |
| **8** | Puqaralar jıyınları menen birgelikte máhálle belsendilerin keń túrde qamtıǵan halda xalıq arasında órt qáwipsizligin támiyinlew barısındaǵı túsindiriw jumısların kúsheyttiriw, órtler hám basqada baxıtsız hádiyselerge alıp keliwi múmkin bolǵan nızambuzulıw jaǵdayları boyınsha qatań sharalar kóriw. | **Aylıq dawamında** | Rayon hákiminiń orınbasarı (G.Qudaybergenov), Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, tiyisli Mákemeler hám kárxanalar |
| **9** | Adamlar kóp toplanatuǵın orınlarǵa (bazar, sawda kompleksleri), jol boyına qurılǵan reklama bannerlerine órt qáwipsizligin támiyinlewge qaratılǵan bannerler ornatıw, puqaralarǵa buklet hám esletpelerdi tarqatıw. | **Aylıq dawamında** | Rayon hákiminiń orınbasarı (G.Qudaybergenov), Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi |
| **Órtlerdiń aldın alıwǵa qaratılǵan úgit-násiyat ilajlar** | | | |
| **10** | "Órt qáwipsizligi aylıǵı" ótkeriliwin ǵalaba xabar quralları (televidenie, sociallıq tarmaqlar, radio, gazeta) arqalı keń túrde járiyalap barıw, aylıqtı úgit-násiyatlawshı hám órt qáwipsizligi boyınsha tiyisli video-rolikler islep shıǵıw hám olardıń turaqlı túrde jarıtılıwın támiyinlew. | **Aylıq dawamında** | Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, Qaraqalpaqstan Respublikası teleradiokompaniyası rayonlıq xabarshısı, Rayon hákimliginiń málimleme xızmeti, "Miynet bayraǵı" gazetası redakciyası |
| **11** | Qáwender mákemelerdiń qarjıların qamtıǵan halda órt qáwipsizligi temasında plakatlar, bukletler hám basqa túrdegi kórgizbeli materiallardı islep shıǵarıwdı támiyinlew. | **Aylıq dawamında** | Rayon hákiminiń orınbasarı (Ǵ.Ametov), Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi |
| **12** | Jámiyetshilik transportı hám xalıq toplanatuǵın orınlarda "Órt qáwipsizligi aylıǵı" ótkerilip atırǵanlıǵı haqqındaǵı reklama jazıwların, plakatlardı jaylastırıw. | **Aylıq dawamında** | Rayon hákiminiń orınbasarı (G.Qudaybergenov), Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **13** | Mákemeler hám kárxanalar jumısshıları, bilimlendiriw mákemeleri hám xalıq arasında túsindiriw jumısların kúsheyttiriw, jámiyetshilikti órtlerdiń aldın alıw ilájlarına keń túrde qamtıw maqsetinde kórgizbeli oqıw-seminarları hám máhállelerde puqaralar menen tastıyıqlanǵan reje-grafikler tiykarında basshılar qatnasıwında ushırasıwlar ótkeriw. | **Aylıq dawamında** | Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, Mákemeler, kárxanalar hám shólkemler, APJ hám MPJ |
| **14** | Bilimlendiriw hám tálim-tárbiya mákemelerinde balalardıń sawatxanlıǵın asırıw maqsetinde órt qáwipsizligi temasında túrli viktorinalar hám jas órt óshiriw drujinası jarısların ótkerip barıw. | **Aylıq dawamında** | Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, Xalıq bilimlendiriw bólimi, Mektepke shekemgi bilimlendiriw bólimi |
| **15** | Puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımları, gaz hám elektr támiyinlewshi kárxanası hámde ǵalaba xabar quralları wákilleri menen birgelikte aylıq dawamında hám gúz-qıs máwsimin shıǵınsız ótkeriw barısında qospa reydlerdi shólkemlestiriw, olardıń nátiyjelerin ǵalaba xabar quralларında járiyalaw. | **Aylıq dawamında** | Ayrıqsha jaǵdaylar bólimi, "Qaraózekrayongaz" bólimi, ETK, Qaraqalpaqstan Respublikası teleradiokompaniyası rayonlıq xabarshısı |
| **16** | Ámelge asırılǵan jumıslar haqqında maǵlıwmatlardı 2021-jıldıń 15-dekabr kúnine shekem rayon hákimligine kiritiw. | **2021-jil 15-dekabr** | Mákemeler, kárxanalar hám shólkemler |

Қараөзек район туман ҳокимининг
2021 йил 17 ноябрдаги
28-13-183-F/21-сон фармойишига
3-илова

“Órt qáwipsizligi aylıǵı” dawamında ámelge asırılǵan jumıslar haqqındaǵı maǵlıwmatlardı ulıwmalastırıw, talqılaw hám tiyisliligi boyınsha Respublikası komissiyasına hám Qaraqalpaqstan Respublikası Ayrıqsha jaǵdaylar basqarmasına kiritip barıw ushın Ayrıqsha jaǵdaylar bóliminde tiyisli mákeme hám kárxanalar wákillerinen ibarat

**ISShI TOPAR QURAMÍ**

1 I.Seydimov - Rayon hákimliginiń bas qánigesi

2 J.Tileumuratov - Ayrıqsha jaǵdaylar bóliminiń jetekshi inspektorı

3 A.Xojanov - Úy-jay kommunal xızmet kórsetiw bólimi qánigesi

4 Í.Ermanov - Elektr támiyinlewshi kárxanası bas injeneri

5 B.Aytbaev - “Qaraózekrayongaz” bólimi jetekshi injeneri

6 A.Qoblanov - Suw tarmaqları filialı injener-texnologı

**Esletpe:** Isshi topar quramı aǵzaları basqa jumısqa ótken jaǵdayda, isshi topar quramına usı lawazımǵa jańadan tayınlanǵan yáki wazıypasın atqarıwshı júklengen shaxslar kiritiledi.

Isshi topar quramına zárúrlikten kelip shıǵıp, isshi topar quramı baslıǵı tárepinen mákemeler, kárxanalar hám shólkemlerdiń qánigeleri kiritiliwi múmkin.